


VAHEBHERU, CHITSAUKO CHOKUTANGA

 Uye nekupa zvi—zvishoma...Ndinofunga kuti hapana chinhu chiri nani, kwandiri, kupfuura Shoko bedzi. “Kutenda kunouya nekunzwa, uye kunzwa Shoko raMwari.”

² Nemisi yeChitatu, uye pamwe nemisi yeSvondo, imwe yeshumiro dzeSvondo, kupa mufundisi kazororo kadiki chete, ako kavanokodzera kwazvo, uye ndokufunga kuti pamwe taizongotora rimwe Bhuku muBhaibheri. Isu taimbozviita izvozvo, uye dzimwe nguva tichigara gore pazviri.

³ Ndinorangarira imwe nguva takagara gore chairo paBhuku raZvakazarurwa. Asi, oo, ini zvangu, zvinhu zvatakadzidza, uye zvaive zvakanaka sei! Zvino takadzokera uye tikatora Bhuku raDhanieri, kana Bhuku raGenesi, kana Eksodho, ndokungoritora, chitsauko nechitsauko, uye zvinongobatanidza Bhaibheri rose pamwe chete. Oo, ndinongozvida izvozvo!

⁴ Gare-gare, tichatofanira kutora...Kana Ishe vakaramba vachiropafadza uye tichienderera mberi, tichapinda mune zvinhu zvakadzika chaizvo muno umu, zvakadzika chaizvo. Uye tichangoenda kunzvimbo nenzvimbo, nemuRugwaro, nazvo.

⁵ Uye ndinoda kuti Rugwaro rwuenzanisane neRugwaro. Ndiyo nzira yazvinofanira kuva. Unongova mumwe mufananidzo mukuru wakanaka. Uye muBhuku iri ratiri kudzidza, tiri kuzopinda, oo, ruponeso, nekupodza kwaMwari, neminana, netsitsi. Uye, oo, zvese zvinouya muno umu.

⁶ Uye pamwe pandinosvika panzvimbo yandinofanira kuenda kumusangano...Handimbozivi pachu pandichaenda kumusangano, ndadanwa kumusangano, nekuti handina chero chii zvacho chakagadzirira kusvikira chete ndangonzwa kutungamirirwa kuita chimwe chinhu. Uye izvozvo zvinogona kuva mangwanani asati asvika, Ndinogona kubhururuka kuCalifornia, ndokwidza kuMaine kana imwe nzvimbo, uko bedzi kwaVanozondidana. Ndochikonzero ndisingagadziri hurongwa hwakakura, hwakareba, nekuti handigoni kudaro. Shumiro yangu haina kugadzirwa nenzira iyoyo, uye yakangosiyana.

⁷ Uye zvino ndauya kumba kuzongozorora zvishoma. Ndakarasikirwa nemapaundi makumi maviri, mumusangano uno wekapedzisira. Zvino Hama Mercier naHama Goad vanga vakamira, nguva shoma yapfuura, zvino vakati, “Hama Branham, ndinocherechedza zvamunoita. Munoisu moyo wenyu wose mazviri.”

⁸ Ndikati, “Ndiyo nzira yoga yaunogona kuita nayo mhando chaiyo yebasa rakakodzera kuitira Ishe, kuisa zvese zvauinazvo kumberi chaiko kuitira Kristu; simba rako rose, mweya wako wose, moyo wako wose, pfungwa dzako dzose, zvese zvauinazvo.” Kana uri kuita chero chinhu, chiite nemazvo kana kuti usachiite zvachose, munoono, ingochisiya chakadaro. Kana uri kuzova Mukristu, isa zvese zvauinazvo kuna Kristu, zvinova, nguva yako, chipo chako, zvose zvako.

⁹ Ndiri kungocherechedza muchinda wechidiki uyu. Mudzimai wenyu, Hama Burns, ndizvo, vari kuridza nekuimba apo, vaviri vechidiki avo. Uye—uye haisi piyano, zvakare haisi ogani, asi ndeimwe mhando yechiridzwa, Vanochikwenya nekuchinhonga-nhonga, uye voitira Ishe chimwe chinhu. Pamwe unogona kudaro, nekuimba, ndizvo, kuwana mweya. Itawo chimwe chinhu, zvisinei. Kana uchi—uchigona kuridza mheterwa, zvakana, ridza mheterwa. Chingoita chimwe chinhu. Chingopupura kana kuita chimwe chinhu kuitira Humambo hwaMwari. Chero chauinacho, chishandise mushumiro yaMwari.

¹⁰ Zvino, hatisi kuzoedza kugara kwenguva refu, nekuti ndinoziva kuti munoshanda. Munofanira kumuka rungwanangwana. Uye ndiri kuenda kunovhima tsindi mangwanani oga-oga. Ndichangokuudzai chokwadi. Ndizvo zvandiri kuita. Ndizvo zvandinouira kumba, kumbozorora zvishoma. Zvino saka ndiri kumuka, dzingaita four o'clock, ndichienda kunze kumasango uye, saka, ndovhima zvishoma zvino ndoenda kunorara. Uye ndiri kuwedzera huremu huya zvakare, saka ndichati zororei, mushure mechinguva, kana imi . . . Ishe vachitendera. Uye zvinhu zvese zvakana.

¹¹ Zvakana, zvino, tichavhura mumaBhaibheri enyu. Ndinoda kuti muunze maBhaibheri enyu husiku hwoga-hwoga, kuti imi . . . sekukwanisa kwamungaita. Kana mumwe munhu asina mashoma, pachiva nemumwe munhu anoda kutevera pamwe chete nezviri kuverengwa, tine mamwe pano, tinozova . . . vamwe vemaasha kuti vaape. Pane here chero munhu anoda rimwe? Zvakana, chingosimudza ruoko rwako.

¹² Handizivi kana Hama . . . Doc, huya pano utore maBhaibheri aya. Wakamira pedyo ipapo, naHama Burns. Ndizvozvo here, Burns? Ndamunzwa achiti . . . [Hama inoti, “Conrad.”—Mupepeti] Chii? [“Conrad.”] Conrad. Ndamudana . . . Ndave kuita sekunge kutadza kuzwa chaiko, pamwe, Hama Neville. Ndamboriwana sei chaizvo zita rekuti Burns? Ndinoziva chiso chemurume wacho, zvino handingokwanisi, ndanga ndisingakwanisi kudana zita rake.

¹³ Uye munoziva, paunoramba uchikura zvishoma, ndakaona chimwe chinhu, zvava kuwedzera kundiomera kuverenga

Bhaibheri iri. Uye ndinongovenga kufunga nezve kupfeka magirazi, kuti ndiverenge Bhaibheri.

14 Asi, pano kasiri kare, ndakafunga kuti ndakanga ndava kuita bofu. Zvino ndakaenda kunoono Sam. Zvino Sam akati, “Bill, handizivi.” Akati, “Ndichakuwanira mukana wekuti unoonekwa nemumwe mazvikokota.”

15 Ndakaenda kuLouisville. Kunofanira kunge kwaive kuri kuda kwaShe. Mumwe mazvikokota ane mukurumbira; ndakanganwa zita rake zvino. Asi aive averenga bhuku rangu. Zvino akati, “Kana muri muchazodzokera kuAfrica, ndinoda kuenda nemi.” Akati, “Uye kana imi . . . Vanhu ivavo vemuAfrica vanokudai.” Uye akati, “Vanongofungira-fungira zvakanyanya, kunyanya nebanga, kunge uchicheka. Saka,” akati, “ndinoda kupa mwedzi mitanhatu yehupenyu hwangu, kuita maoparesheni etsanga nezvinhu, kune . . . munzvimbo dzekuvhangeri.” Ndokuti, “Kana tikakwanisa kuenda pamwe chete, uye kana mukawanirwa nyasha navo, saizvozvo.” Akati, “Saka kana vaine tsanga uye nemaziso,” akati, “ndaizongoda kuzvipa, pasina mubhadharo, mwedzi mitanhatu yacho.” Uye ndakanganwa kuti unofanira kumira zvakareba sei kuti uwane mukana wekuonekwa nyaye.

16 Zvino tainge takagara mukamuri diki uye yaive nechiedza chidiki—chidiki chitsvuku chakabatira, kumashure ikoko mukamuri ine rima. Nhai, ndaigona kuverenga mavara iwayo. Yakati twenty-twenty. Ndaigona kuzviverenga chero nenzira zvayo. Ndokubva vauisa pafifteen-fifteen, zvino ndaigona kuzviverenga. Ndokuuisa paten-ten, zvino ndaigona kuzviverenga. Akati, “Saka, hapana chakanyanya kuipa nemaziso enyu.”

17 Saka aive neteresikopu diki. Akaisa kamwe kanhu kadiki kumashure uku, kanhu kadiki, munoziva. Materesikopu iwayo akare, vangani vanoarangerira? Taisimbotarisa nemaari, totarisa mifananidzo, saizvozvo. Zvino akati, “Munokwanisa kuverenga izvo here?”

Ndikati, “Hongu, changamire.”

Akati, “Ndiverengerei.”

18 Yakange iine, oo, ndima yose, ingaita *sekudai*. Ndakatanga, kuiverenga; akatanga kuidhonzera kumusoro, *sekudai*, achinonokera nekunonokera. Akasvika *sepakadai*, ndakamira. Akati, “Ndinogona kukuudzai chinhu chimwe chete, mapfuura makumi mana.”

Ndakati, “Hongu, ndizvozvo, ndakaapfuura kare-kare.”

19 Akati, “Makazviita sei?” Akati, “Ziso remunhu, pamasikirwe, ukasvika makore makumi mana, sebvudzi rako rinochena, nezvimwe zvakadaro, bhora reziso rinoti pwasharara.” Akati, “Zvino, kana ukararama kwenguva yakati

rebei, rinodzoka zvakare.” Akati, “Kuona ikoko kwechipiri, vanokudana. Asi,” akati, “munhu aine, angaite makore makumi mana, vanozonyatsa...” Akati, “Hapana chakakanganisika nemaziso avo.”

²⁰ Ndinogona—ndinogona kuona bvudzi kana dai rainge riri pasi, ukariisa kure neni. Asi swededza pedyo neni... Zvino akati, “Zvino, munoverenga Bhaibheri renyu,” akati, “munorisundira kure nemi.” Akati, “Mushure mechinguva, ruoko rwenyu harwuzove rwakareba zvakakwana, kusvikira musisachakwanisa—kwanisa kurwutambanudza kure uko zvakakwana kuti muribate.”

²¹ Zvino saka akandigadzirira magirazi, uye chikamu chekuzasi unogona, ndechekuverengesa. Akati, “Zvino, mupurupiti menyu...” Akafunga kuti ndaive mumwe weava pano vaparidzi vakatsiga, munoziva. Uye saka akataura kuti... iwe... Chikamu chepamusoro chinongova girazi rehwindo ramazuva ese, girazi remazuva ese bedzi. Uye chikamu chepazasi chine imwe mhando yekuvezwa machiri, yandinokwanisa kuriverenga nepedyo, munoziva, *sekudai*. Saka ndinongovenga kuapfeka; ndinodaro.

²² Uye zvino, mudzidziso yeBhaibheri, uye ndine Testamende Itsva manheru ano. Saka iyo...Ndine Testamende Itsva yaCollins uye ine mavara akakura zvakanaka. Asi zvino, pandinodzokera mune rimwe racho, ndi—ndingatofanira kuenda kune mabhururu akare, uye—uye ndoita sekuverenga nemaari. Asi chero zvazviri, ndi—ndinofara kuti ndine chimwe chinhu chandi—ndinogona kuverenga. Uye—uye—uye chero chipi chandinacho, ndichapa munhu wese zvese zvandinogona, kuitira mbiri yaMwari, ndinovimba kuti Vachabvisa mucherechedzo iwoyo wekuchembera. Handikwanisi kuVakumbira kuti vabvise zera rangu. Ini... Hongu, ndicho chinhu chimwe chete chatinofanira kuita tese. Tinofanira kupfuura nemo. Uye ndinoziva kuti handisi mukomana mudiki sewandaive, ndakamira pano papuratifomu. Ndine makore makumi mana nemasere ekuberekwa. Uye kungofunga, mamwe makore maviri, ndichange ndiine makore makumi mashanu ekuberekwa, Hama Mike.

²³ Ini zvangu, handikwanisi kana kuzvitenda! Ndinongo... Handina kumboziva kuti ndakanga ndapfuura makumi maviri kusvikira angaita makore maviri apfuura. Ndizvozo. Ndizvozo. Ndinongo...Handina kukwanisa kuzvitenda. Uye zvakadaro ini—ini...Zvakandiomera kuzvitenda kusvikira ndatarisa mugirazi, uye ipapo ndo—ndokuziva kuti ndizvo, ipapo. Asi—asi kungotarisa, ndinongonzwa zvakanaka sezvandakagara ndichinzwa muhupenyu hwangu, uye ndinotenda nekuda kwazvo, zvakare. Rumbidzo yose kuna Mwari.

24 Zvino, tiri kudzidza Bhuku raVaHebheru. Range riri . . . Oo, nderimwe reMabhuku ayo akanyanyisa kudzika, akapfumisisa emuBhaibheri. Ndinokuudzai, iBhuku chairu richazo . . . Kana Mwari vakatendera, uye isu tichangodzika mune izvi, Ndinotenda tichawana mabwe endarama anokosha kusvikira tichangodanidzira rumbidzo dzaMwari nguva dzose. Uye zvino ini . . .

25 Bhuku reVaHebheru, chaizvo zvaRiri, Rinofanira kunge rakanyorwa naMutsvene Pauro, mujekesi mukuru weBhaibheri, ndinofungidzira, akambova panyika, kunze kwaIshe wedu Jesu Kristu. Uye Pauro aipatsanura . . . Zvino, Pauro aive mudzidzisi chaiye weBhaibheri; inova, Testamende Yakare. Ndiro Bhuku roga raive rakanyorwa ipapo, rainzi Bhaibheri. Uye aiedza kuratidza kuVaHebheru, achipatsanura Testamende Yakare nekuratidza kuti Testamende Yakare kuti yaive mumvuri kana mufananidzo weItsva.

26 Ipapo chaipo tinogona kubata chinhu chakakosha togara mwedzi mitatu ipapo chaipo pane pfungwa imwe chete iyoyo, ipapo chaipo. Kudzokera kumashure chaiko, kana tingakwanisa kuvhura mumaBhaibheri edu zvino, ndizvo tiri pana VaHebheru, chitsauko 1. Asi kana tingavhura kuna Zvakazarurwa, chitsauko 12, maizozviona zvakakwana zvakare, kuti mimvuri. Kana . . . imi mune mapenzura enyu uye muri kuzonyora pasi Magwaro. Muna Hebh- . . .

27 Muna Zvakazarurwa 11, tinoona kuti Johane, pachitsuwa chePatimosi, akaona mudzimai akamira muchadenga, uye aive nezuva pamusoro pake uye nemwedzi pasi petsoka dzake. Zvino mudzimai aiva mumarwadzo, nemwana aifanira kuberekwa. Akapona mwana mukomana. Shato tsvuku yakamira, kuti idye mwana achingobva mukuberekwa. Uye mwa—mwana akatorwa kumusoro Kudenga, zvino mudzimai akatizira murenje uko kwaakachengetwa kwenguva, nguva, nehafu yenguva, kana kupatsanurwa kwenguva.

28 Zvino, mudzimai aimiririra chechi, uye Mwana waakabereka aiva Kristu. Mwedzi pasi petsoka dzake waive murairo, zuva pamusoro wake dzaive nyasha. Nyeredzi gumi nembiri mukorona yake dzaive vaapostora vanegumi nevaviri. Uye ndipo apo, pane . . . Vaapostora vanegumi nevaviri vaive kubwinya kana kuiswa korona kweTestamende Itsva. Maona? “Nekuti hakuna imwe nheyo inogona kuiswa kunze kweiyoyagara yakatoiswa.” Maona? Iyo, Nheyo, te—Testamende Itsva, vaapostora, Dzidziso yevaapostora, nezvimwe zvakadaro, ndiyo korona yapamavambo yeTestamende Itsva. Uye zvakare pane . . .

29 Mwedzi mumvuri wezuva. Zuva rinongoratidza chiedza charo kana riri seri kwenyika. Uye mwedzi unopa chiedza, chekufambisa, husiku. Uye mufananidzo wakanaka sei

watiinawo pano, mumwe mufananidzo wakanaka: zuva rinomiririra Kristu; mwe—mwedzi unomiririra Chechi. Zvinongori semurume nemudzimai. Uye mukusavapo kwaKristu, Chechi inoratidza Chiedza chidiki, Evhangeri. Uye ndicho—ndicho Chiedza chekufamba machiri kusvikira Mwanakomana abuda zvakare, zvino Chechi neMwanakomana, mwedzi nezuva, zvinobatana pamwe chete. Maona? Mwedzi chikamu chezuva, uye Chechi chikamu chaKristu. Uye Kristu asipo, Chechi inoratidza Chiedza chaKe. Uye ipapo sekuva nechokwadi kwatinoita tichiona mwedzi uchipenya, unoziva kuti zuva riri kupenya kune imwe nzvimbo. Uye chero bedzi Chechi iri kuratidza Chiedza chaKristu, Kristu mupenyu kune imwe nzvimbo. Amen. Pafungei ipapo.

³⁰ Zvino, murairo waiva mufananidzo wenyasha, asi murairo waiva usina simba rekuponesa mauri. Murairo waiva bedzi. . . Murairo waiva mupurisa. Mupurisa anokuisa mujeri, asi, munoona, zvakatora nyasha kuti dzikuburitse mujeri. Maona?

³¹ Saka Ropa raKristu, Vhangeri, rinotidzikinura kubva muchivi. Murairo unogotiita bedzi vatadzi. Murairo wakangoti bedzi, “Uri mutadzi. Usaba. Usaita upombwe. Usapupurira nhema.” Maona? Mupurisa anotaura kuti wakanganisa uye une mhosva. Asi Vhangeri inhau dzakanaka. Kristu akafa kutiponesa kubva pakudarika kwedu kwose, kudarika kwemurairo. Kristu akafa kuti atiburitse.

³² Zvino, Pauro, achingobva kutendeuka, haana kumbobvunza kune chero seminari, kana kubvunza chero vashumiri. Asi makambocherechedza here? Akadzika zasi kuArabia, uye akaveko kwemakore matatu, muArabia. Zvino, ndizvo zviri, mumaonero angu, kuti. . .

³³ Zvino, tinofanira kuwana nheyo yeizvi, kuti tizive kuti zvine hudzamu hwakadini. Uye chidzidzo chekutanga, manheru ano, tinotora nheyo yedu.

³⁴ Zvino, Pauro aiva mudzidzisi chaiye weBhaibheri, nekuti akadzidziswa pasi paGamarieri mukuru, ane mukurumbira mukuru wenguva dzose. Uye aiva mumwe wevainyanyisa kuzivikanwa wezuva racho, mudzidzisi mukuru iyeye wemurairo uye nevapurofita. Saka, Pauro akanga akadzidziswa chaizvo muzvinhu izvozvo.

³⁵ Uye zvakare ndinomufarira nenzira iyi, chizaruro chikuru ichi, achiva akatendeka mumoyo make, mhondi, akange abvumira mukufa kwaStefano uye akaona Stefano achifa pasi pematombo nemavhinga ekutakwa nemabwe kusvika afa. Ndinofunga kuti zvinogona kunge zvakapatsa Pauro paakaona Stefano asimudza maoko ake Kudenga, uye akati, “Ndinoona Matenga avhurika. Ndinoona Jesu akamira kuruoko rwerudyi rwaMwari.” Uye akati, “Baba, musavapa mhosva yechivi ichi pavari.” Zvino akabva avata.

36 Mazvicherechedza here? Haana kumbofa. Akavata. Zvakangoita... Handitendi kuti akazombonzwa rimwe dombo. Zvakangoita muचेचे pachipfuva chamai vake, anokotsira, Stefano akavata mumaoko aMwari.

37 Pane chimwe chinhu, pana Pauro, chakamunetsa. Zvino iye, chero munhu ari pasi pekunzwa mhosva, achiedza kuZvirwisa, ndokuenda kumuprisita mukuru uye ndokutora matsamba. Akati, “Ndichasunga vanhu vose avo vari kuita ruzha rwose irworwo, nevaya vakatsauka pachitendero;” vaionekwa, vatingadana nhasi, mumwe “mupengereki anopfuurira mwero,” kana chimwe chinhu chakadaro, vachiita ruzha rwakanyanya nekukonderesa mhirizhonga. “Tichangodzika zasi kunozvigadzirisa.”

38 Uye achidzika zasi nenzira yake, imwe diki yakare... kwete mugwagwa mukuru sepatinofambira. Uye nzira idzodzo muParastina, kungoita twumihwezvwa twudiki, senzira yemombe musango uko mombe, nemakwai, nemabhiza, nemadhongi, nengamera, dzaienda nepamusoro pezvikomoto.

39 Zvino Pauro, munzira yake achidzika zasi kuDhamasiko, kunge masikati, rimwe zuva, Chiedza chikuru chaipenya zasi ndokumurovera pasi. Hapana akaChiona kunze kwaPauro. Ndinoda kuti muzvicherechedze izvozvo. Zvino ipo pano, izvi hazvinei neni pachangu zvino, asi kungoti tiri kuenda kunheyo iyi. Kutu muzive kuti Jesu mumwe chete iyeye. . .

40 Zvino, paAiva pano panyika, Akati, “Ndakabva kuna Mwari, uye Ndinodzokera kuna Mwari.”

41 Zvino, paAkatungamirira vana veIsraeri, Aiva Shongwe yeMoto. Uye Akaitwa nyama, ndokubva Adzokera kuShongwe yeMoto imwe cheteyo. Uye paAkasangana naPauro munzira yekuDhamasiko, Aive Shongwe yeMoto iya, Chiedza chiya, munoono, Chiedza chikuru. Zvino Pauro akati, “NdiMi aniko wandiri kutambudza?”

42 Akati, “Ndini Jesu, Uyo waunotambudza,” Chiedza. Oo, haAshamise here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

43 Zvino hepano paAri, manheru ano, ipo pano nesu. Ndokutorwa mufananidzo waKe ipapo chaipo, Chinhu chimwe chete, munoono, Shongwe yeMoto, Chiedza, zvakangofanana nezvaAive, “Mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.”

44 Zvino varume vaiva naye havana kuona Chiedza ichocho, asi Chaivepo zvakadaro. Mhedzisiro yakapa zvimwe chete.

45 Zvino, zvinogoneka here kuti—kuti mumwe munhu anogona kuona Kristu muchivakwa chino uye poshaya mumwe munhu anoMuona? Chokwadi. Zvakaitika ipapo.

46 Zvakaitika zvakare humwe husiku apo Petro aiva mutirongo. Zvino Chiedza ichocho chakauya mutirongo, chikabata Petro, ndokufamba pedyo chaipo nemutariri wemukati, mutariri

wekunze, ndokufamba nepasuwo, suwo guru, nesuwo reguta. Petro akati, “Ndinofanira kunge ndanga ndichirota.” Asi akatarisa-tarisa, asi Chiedza chakange chaenda; Kristu, Chiedza chemuna Ziyendanakuenda chiya, chisingaperi. Heunoi Uyo. Zvino, ari kudzika nenzira . . .

⁴⁷ Uye tarisai, chimwe chinhu, kana taizotaura pamusoro peizvi, zvangopinda mupfungwa dzangu. Asi varume vachenjeri vakatevera Nyeredzi, nzira yose kubva kuIndia, kuMabvazuva, mwedzi yakawanda, vachipfuura nemumipata nemagwenga (ndokupfuura nzvimbo dzinoongororwa zvemuchadanga; uye vaichengeta nguva yehusiku nenyeredzi) zvino hapana munyori wenhorondo kana chero ani zvake akambotaura nezvekuona Nyeredzi iyoyo kunze kwevarume vachenjeri. Zvaive zvakangoitirwa ivo kuti vaIone.

⁴⁸ Saka unokwanisa kuona zvinhu zvisingagone kuonekwa nemumwe muchinda. Kwauri, ndeZve mazvirokwazvo. Kwauri, havanzwisisi. Zvakangoita sekutendeuka; unogona kutendeuka uye uchinakidzwa nemaropafadzo aMwari, uchingo—uchingonwa mumaropafadzo aMwari. Uye muchinda ari padivi, akagara pedyo newe, “Handisi kuona chinhu.” Maona? Maona? Ndizvozvo. “Handisi kumbozvibata ini. Handisi kuona kuti ndezvei zvese izvi.” Saka, haasi kungoZvibata. Ndizvo zvoga. Apo, iwe pauri.

⁴⁹ Cherechedzai zvino, Pauro achidzika nenzira yake. Zvino chiitiko chikuru ichi pachakangoitika kwaari . . . Zvino, haana kugutsikana . . . Ndizvo zvinoita kuti Pauro ave akanaka kwazvo.

⁵⁰ Zvino, chidzidzo chedu manheru ano hachina kudzika. Chidzidzo chisina kudzika, asi, oo, tichapinda kwakadzika, mushure mechinguva. Asi chino chidzidzo chisina kunyanya kudzika, asi chiri kungotanga. Uye zvachiri, chinhu chimwe chete, chiri kusimudzira Jesu Kristu. Pauro, kutanga.

⁵¹ Uye asati aita izvi, Pauro aive mudzidzi weBhaibheri. Uye mudzidzi weBhaibheri haazombozorodzi dzidziso yake pazviitiko. Kwete, changamire. Havambofe vakazoroda dzidziso yavo pachiiitiko. Unogona kuwana chero mhando yechiitiko. Asi inofanira kuva ZVANZI NAJEHOVHA. Ndizvozvo.

⁵² Zvino, muTestamende Yakare, vakanga vaine nzira nhatu dzavaigona kuziva nadzo shoko. Yekutanga, murairo, waingova murairo. Tevere, vaiva nemu—muporofita; muroti; uye vaiva neUrimi neTumimi. Zvino izvozvo zvinogona kuva zvakati dzikei zvishoma.

⁵³ Urimi neTumimi yaiva hombodo yaipfekwa naAroni pachifuva. Imomo maive nematombo gumi nemaviri: jaspisi, sardhio, karibhunikuri, mamwe akadaro, achidzika akadaro. Vaive nematombo ose makuru gumi nemaviri, akange ari

pahombodo yechipfuva, zvichiratidza kuti aive muprisita mukuru wemarudzi ese, marudzi gumi nemaviri eIsraeri. Hombodo yechifuva iyi yairembera pambiru muchechi. Zvino kana muporofita akaporofita, uye vachida kuva nechokwadi kuti chaiva chokwadi, kana kwete, vaporofita kana varoti vaimira pamberi peUrими neTumimi iyi, zvino aizotaura hope yake kana chiratidzo chake, chero chipi chaakaona. Zvino kana Chiedza Chinoyera... Oo, muri kuzviona here? Mwari nguva dzose vanogara muchiyero chemweya. Kusangana, zviiedza izvozvo, zvaive zvakaita zvamazuva ese kusvikira izwi iri rataura. Uye ipapo kana izwi raro va matombo iwayo, kana zvakanga zvisiri zvemweya, pairamba pakadaro. Asi kana zvaive zvemweya, Zviiedza izvozvo zvose zvairatidza mavara emuraraungu pamwe chete. Amenі. Zvino, vaiva Mwari vaitaura, “Uyo muporofita waNgu.” Kana, “Chiroto ichocho chakabva kwaNdiri.” Aive maererano neUrими neTumimi avanotonga.

⁵⁴ Munorangarira Sauro paakadzokera kumashure? Akati akange asingakwanise kuwana chiroto. Zvino muporofita, Samuери, akange afa, uye paiva pasina nzira. Akati, “Kunyangwe Urimi haisi kana kutaura neni.” Hapana. Sauro akamira pamberi peUrими, uye mashoko ake aive pasina. Maona? Mwari vakangomuramba. Uye Urimi neTumimi iyoyo, kwaiva kusimbiswa kwehuprisita hwaAroni. Mushure mekuenda kwaAroni, Mosesi, ho—hombodo yakaremba pambiru.

⁵⁵ Zvino, huprisita hwaAroni hwakapera pakafa Jesu. Uye zvino, kupatsanura murairo kubva kunyasha, tichine Urimi neTumimi. Uye Pauro aiIshandisa. Maona? Urimi neTumimi nhasi iShoko raMwari Risingafe, remuna Ziyendanakuenda, rekusingaperi. Maona?

⁵⁶ “Nekuti ani naani achabvisa chero chinhu kubva muBhuku rino, kana kuwedzera chero chinhu kwaRiri.” Ini handidi chimwe chinhu kunze kwaRo, asi ndinoda zvose zvaRiinazvo. Ndiyo Chechi yatinoda. Zvino zvinhu zvose zvinofanira kuratidzwa neShoko.

⁵⁷ Ndicho chikonzero ndakakundikana munguva pfupi yapfuura pakati pevanhu vechiPentekosti, nekuti, mukutaura kuti, “Handina kunzwisisa pemafuta achiyerera kubva mumaoko ako, kana ropa richibva pachiso chako, kuti chaive chiratidzo chekuti une Mweya Mutsvene.” Hazvisi muMagwaro uye ini—ini handina kukwanisa kuzvitora. Zvinofanira kubva muShoko.

⁵⁸ Uye zvino, Pauro, aingoda Shoko. Saka, asati apupurira chiitiko ichi chikuru chaakange ainacho, akadzika zasi kuEgipita kwemakore matatu. Ndinotenda kuti aive makore matatu, makore matatu zasi muEgipita. Uye munoziva zvandinotenda kuti akaita? Ndinotenda kuti akatora Testamende Yakare, ndokunzvera kuburikidza neTestamende

Yakare, ndokuona kuti Aive Mesiya chaiye wamazvirokwazvo. Akatozoratidza chiitiko chake neBhaibheri. Amen. Oo, ini zvangu!

⁵⁹ Mutarisei paaiva mutirongo. Munocherechedza, pane chi—chikamu chehupenyu hwaPauro paaiva mutirongo imomo kwenguva refu. Akanyora Bhuku raVaEfeso. Akanyora Tsamba iyi yaVaHebheru. Maona? Aiva nenguva. Mwari vakamuisa ikoko mutirongo, zvino ndokunyora Matsamba aya kumachechi. Imwe kuchechi yeEfeso. Akanyora imwe kuchechi yechiPentekosti, akava nematambudziko akawanda navo. Chechi yechiPentekosti akava nedambudziko guru nayo kupfuura mumwe munhu wese. Achiri naro. Asi aitenda nekuda kwavo. Chinhu choga chaaigona kuvadzidzisa. . . Pavaipinda: mumwe aive nendimi, mumwe aiva nepisarema, mumwe aiva nekutekenyedzwa, mumwe aiva nemanzwiwo. Aisagona kutaura, kutaura kwavari, “Kuchengetedzwa kwemuna Ziyendanakuenda.” Aisagona kutaura navo, “kufanotemera.” Akange asingagoni kutaura navo, vaive vacheche. Vose vaifanira ku—kufanira kunzwa chimwe chinhu, kana kuona chimwe chinhu, kana kuva nemanzwiwo asinganzwisike, uye, kana chimwe chinhu pavari, humwe humbowo.

⁶⁰ Asi ndinotenda, paakataura neVaEfeso, aigona kutaura nezvekuti, “Mwari vakatitemera kuva vanakomana nevanasikana, uye vakatigadza sevana muna Jesu Kristu nyika isati yavambwa.” Tarisai izvozvo. Ini zvangu!

⁶¹ Mutarisei achiuya muBhuku raVaRoma, nezvimwe zvakadaro. Vaive vabva zera. Oo, vaitaura nendimi, chokwadi, uye vaiva nezvimwe zviratidzo zveMweya Mutsvene pakati pavo. Asi havana kuita dzidziso, nezvinotekenyedza, nekubvundabvunda kudiki, nemanzwiwo asinganzwisiki.

⁶² Pauro akati, “Mu—mu—munopfuurira mwero nazvo. Apo muri kufanira kunge muri kudzidzisa, muchiri vacheche uye munofanira kuwana mukaka.”

⁶³ Zvino, ndizvo zvandakagara ndichiedza kurwira kuti tabhanakeri ino ive, kwete boka revacheche. Ngativei vayaruka. Kumira panzira. Oo, ini zvangu! Hezvoka izvo.

⁶⁴ Saka, Pauro anodzika zasi ikoko, kutanga, kuti aone kana chiitiko chake chaienderana neBhaibheri raMwari.

⁶⁵ Oo, hazvaizoshamisawo here, nhasi, kana vanhu vakaita izvozvo bedzi zvakare, kana tikaita kuti zviitiko zvedu zvienderane neBhaibheri raMwari? Kana zvikasadaro, ipapo chiitiko chedu chakatsveyama; hachipenye muUrimu neTumimi. Kana chikapenya Imomo, ameni, woziva kuti waChiwana. Asi kana chikasadaro, zvimwe. . . Handina basa nekuti chinoita sechakanaka sei, chinotaridzika zvezamazvirokwazvo zvakadini sekunge ndechechokwadi; kana zviedza izvozvo zvikasapenya paUrimu neTumimi iyoyo, chaive chakatsveyama.

⁶⁶ Uye zvisinei nekuti wakava nechiiitiko chakaita sei, kuti chinoita sechechokwadi zvakadini, kuti chinotaridzika zvakadini, kuti chinodzidzisa zvakadini, mudziyo mukuru wakadini wekuhwina mweya; kana chikasapenya muShoko, chakatsveyama. Ndizvozvo. Chinofanira kuenderana neShoko.

⁶⁷ Zvino, Ndinotenda mune... pane pakati penzira. Nzira, zvino, nguva zhinji... Ndaisimboenda kuchechei yeNazarene. Mwari varopafadze vanhu ivavo vanodikanwa. MaMethodisti akare, akacheneswa ndizvo zvavari; church of God, Nazarene, Pilgrim Holiness, nemazhinji eayo machechei ehutsvene akanaka akare. Zvino vaisiimba rwiyo:

Ndiri kufamba mumugwagwa mukuru
wakanakisa wakare,
Ndichiudza kwese kwandinoenda,
Ndingasva ndava Mukristu wakare, Ishe,
Pane chero chinhu chandinoziva.

⁶⁸ Zvakanaka. Zvinoshamisa. Uyezve vaisitaura nezvemugwagwa mukuru wehutsvene. Zvino, kana mukaverenga pane izvozvo, vanozvitora kubva muna Isaya, chitsauko 35. Zvino, kana mukacherechedza, akati, “Kuchava nemugwagwa mukuru, *nenzira*.”

⁶⁹ Zvino, *ne* chibatanidzo. Maona? Mugwagwa mukuru, wakange usiri mugwagwa mukuru wehutsvene. “Uchava mugwagwa mukuru, *nenzira*, zvino uchanzi, ‘Nzira yehutsvene,’ kwete mugwagwa mukuru wehutsvene. “Nzira yehutsvene!” Zvino nzira yemugwagwa ndipo pakati penzira. Yakagadzirwa *sekudai* kuitira kuti mvura igeze ichibvisira tsvina, kumativi ose maviri, zvichichengeta nzira yakachena. Ukasadaro, unove nezvidziva zviru munzira yako, nguva dzose, kana isina kugadzirwa zvakanaka. “Nzira” ndipo pakati pemugwagwa.

⁷⁰ Zvino, kudivi *iri*, kana vanhu vatendeuka, pfungwa dzavo dzinonangiswa pana Kristu chaipo. Zvino kana vachingori vakati dzidzei zvishoma, uye vakasagara vari pasi pekunamata, vanozotonhora chaizvo, uye vasingazunguziki, uye vakaomarara, nekusava nehany’ a. Uyezve kana vari vanohuta-huta zvishoma, kana vakasangwarira, vanopfuurira mwero nekungopengereka, kune divi *iri*, munoona, vanopinda mukutekenyedzwa nezvinhu zvose.

⁷¹ Zvino, asi, Chechi yechokwadi iVhangeri chairo rakadzikama, riri pakati penzira chaipo. Harina kutonhora nekusindimara, uyewo zvakare harisi kupengereka. IVhangeri chairo rakanaka, rakare, rinodziya, rudo rwaMwari rwunonzwika mumoyo, richidzika nechairo pakati penzira, richidana kubva kumativi ose maviri. Ndizvozvo chaizvo. Zvino ndizvo izvo... Uye uchawana sei Chechi iyoyo? Inobva muShoko chaimo, Urimi neTumimi.

⁷² Zvino, Pauro aida kuisa chechi iyi pakati chaipo penzira, saka akaenda kunonzvera makore matatu paMagwaro aaiziva. Naizvozvo, Pauro ndiye akanyora chikamu chikuru cheTestamende Itsva ino. Mwari vakamuita kuti adaro nekuti kuri kuuya zera reMarudzi. Mateu, Marko, Ruka, Johane, Evhangeri ina, vaive maJudha. Asi Pauro akanyora matsamba mazhinji acho.

⁷³ Zvino cherechedzai, zvino, tave kutanga kuisa nheyo iyi zvino, apo paari, achiInyora, kubva mutirongo. Zvino akave nechitiko chese ichi. Asi, kutanga, chitiko ichi chakaratiidzwa kutanga, uye ino ndiyo tsamba yake huru kwachiri. Iyi ndiyo tsamba yake huru. VaRoma neVaEfeso, nedzimwe dzakadaro, dzine nzvimbo yadzo, asi ino ndiyo tsamba huru.

⁷⁴ Zvino, chitsauko 1 chose, *chiri*, kusimudzira Jesu, nekuMupatsanura kubva pakuva muporofita. Ndiro dingindira rose zvino. Ndichaedza kusvika pariri nekukurumidza kwandinogona zvino, kuti tisanyanye kugara kwenguva refu. Dingindira rose *riri* kupatsanura chitsva chitsa-... chitsva... Chitsauko 1 *chiri* kupatsanura Jesu kubva kune chero muporofita hake, kana chero murairo upi zvawo, kana zvimwe zvakadaro, uye nekutatidza kuti Jesu ndiAni. Zvino tarisai, “Mwari.” Tinotanga, shoko rekutanga, “Mwari.”

Mwari, kar- . . . uyo panguva dzakare . . .

Kare zvinoreva kuti “kare-kare,” nguva yekumashure.

. . . nguva dzakare nenzira *zhinji vakataura kare kumadzibaba nevaporofita*,

⁷⁵ Zvino, munoona, “Mwari, munguva dzakare, kare-kare, Vakataura kumadzibaba nevaporofita.” Ndiyo nzira yaVaifanira kupa Mharidzo yaVo, kuburikidza nemuporofita waVo.

⁷⁶ Mwari vaitumira muporofita waVo saEria, Jeremia, Isaya. Zvino kana mukacherechedza, hakuna kana munhorondo yenyika, chechi yakamboburitsa muporofita. Zvitsvagei muTestamende Yakare, Testamende Itsva, kana muzuva rino, muzuva rekupedzisira. Ndiratidzei chero muporofita akauya achibva muचेchi muzuva rekupedzisira. Ndiratidzei mumwe akambouya, kunze. Uye ndiratidzei nguva imwe chete yekuti muporofita, muranda chaiye waMwari, wekuti hurongwa hwechinamoto cheniyika hauna kumupomera.

⁷⁷ Chingozvifungai. Jeremia, Isaya, vose zvichidzika nemuTestamende Yakare, vakahupomera. Jesu akati, “Munoshongedza marinda evaporofita nekuaita machena, asi makavaisa imomo.” Ndizvozvo chaizvo.

⁷⁸ Chechi inoenderera mberi neizvozvo. Tarisai Mutsvene Patrick. Imi vanhu veKatorike munomuita wenyu. Haasi Mukatorike sezvandiri. Ndizvozvo chaizvo. Asi munomuita wenyu.

⁷⁹ Tarisai Mutsvene Francis weAssisi. Kumuita wenyu. Haasi Mukatorike sezvandiri.

⁸⁰ Tarisai Joan wekwaArc. Makamupisira pamatanda, semuroyi, nekuti akaona zviratidzo uye ari wemweya. Makamupisira pamatanda. Uye mudzimai iyeye achichemera tsitsi, zvino vakamupisira pamatanda. Angaite makore zana akatevera, vakazoono kuti aiva muporofitakadzi. Aiva murandakadzi waMwari. Oo, ndizvo, makaita murango mukuru: makafukunura mitumbi yevaprisita mukaikandira murwizi.

⁸¹ “Munoshongedza marinda evaporofita, asi mavaisa mukati imomo.” Ndizvozvo. Hurongwa hwechinamato hauna kumbobvira wakaburitsa munhu waMwari; hauna kumbodaro, hausati nhasi, uye haufe wakadaro. Chinamato chakarongwa hachina kumbobvira chava dingindira raMwari.

⁸² Chechi yesangano yekare-kare munyika ichechi yeKatorike; Luther, yechipiri; ndokubva kwauya Zwingli; mushure maZwingli, kwakauya Calvin; Calvin, kuchiyuya, muAnglican, maAnglo-Saxons vachitora nzvimbo, tevere chechi yeAnglican; zvino Mambo Henry weChisere, paakapikisa, nezvimwe zvakadaro; uye zvikaramba zvichidzika kuMethodisti yaWesley, nemaNazarene, Pilgrim Holiness; uye zvichiramba zvichidzika kune yekupedzisira, ndiyo yechiPentekosti, vose vakaita sangano. Zvino Bhaibheri rinodzidzisa pachena kuti chechi yeKatorike mukadzi a—ane mbiri yakashata, uye machechi emaProtestanti nemasangano avo vanasikana vayo, Zvakazarurwa 17. Ndizvozvo chaizvo. Saka vari . . .

⁸³ Kwete vanhu, zvino. Kune vakanaka mumachechi ose iwayo; vanhu vatsvene, vakaponeswa. Asi Mwari havadani vanhu vaVo nesangano. Vanovadana sedungamunhu. Mwari vanoshanda nedungamunhu, ungave uri muMethodisti, Baptisti, Protestanti, neKatorike, kana chero zvauri. Mwari, nyika isati yavambwa, vakakuziva, ndokukutemera kuHupenyu Husingaperi, kana kuti wakange wakatemerwa mune kurasika Nekusingaperi. Kwete . . .

⁸⁴ Vakange vasingadi kuti iwe uparadzwe, waizoparara. Asi, Ivo nokuva vasina magumo, Vaitofanira kuziva magumo kubva kumavambo, kana kuti Vanenge vasiri Mwari. Saka Jesu haana kumbobvira akauya panyika kungoti, “Saka, Ndichaona kana mumwe munhu aine tsitsi . . . Kana ndikaita uye ndofa, nenzira yakaomarara, pamwe vanozofunga, ‘Zvakanaka, Ini . . .’ Zvicha—zvichanyengetedza moyo yavo, uye vachazo . . .” Mwari havashandi basa raVo zvakadaro.

⁸⁵ Jesu akavinga chinangwa chimwe chete chakatsaurwa, ndiko, kuponesa avo Mwari, nyika isati yavambwa, vakaziva kuti vaizoponeswa. Akataura kudaro. Ndizvozvo chaizvo. Saka uri . . . “Hazvisi zveuyo anoda, kana uyo anomhanya; ndiMwari

vanoratidza tsitsi.” Pauro akataura kudaro. Murume mumwe chete pano.

⁸⁶ Akati, “Ndicho chikonzero Mwari vaigona kuti, Esau kana Jakobho vasati vaberekwa, Vakati, ‘Ndinoda mumwe uye ndinovenga mumwe wacho.’” Pasati pava nechero mukomana ati aberekwa, Mwari vaiziva kuti Esau aive munyengeri, uye Vaiziva kuti Jakobho aiva...aida hudangwe hwake. Saka Vakaziva, nyika isati yambovambwa, nezvazvo. Zvino, tichaona munguva shoma kuti aive Ani uyo aizviziva. Chitsauko chino chinazvo.

Mwari,...munguva dzakare *nemitovo mizhinji vakataura...kuna madzibaba navaporofita,*

Vakataura kwatiri mumazuva ano okupedzisira neMwanakomana wake,...

Vakaita chii? “Vakataura kwatiri mumazuva ano okupedzisira neMwanakomana waVo.”

⁸⁷ Zvino, ko waizofunga sei zvino, kuti, angave muporofita ndiyani? Taizova here nemuporofita zvadaro wezuva rino? Zvemazvirokwazvo. Aizotaura nematiri here? Chokwadi. Asi uyo ano...Vaporofita vezuva rakare vaiva Mweya waJesu Kristu.

⁸⁸ Zvino, ngatizvitwasanudzei izvozvo, nekuti handifungi kuti zviru kunyatsopinda zvakanaka. Zvino, iyi yakangoita seSunday School, saka tinoda kuzviti zvijeke. Maona?

⁸⁹ Cherechedzai. Ngatitorei Mweya waMwari waiva muna Mosesi, zvakanakwana...kwaive kufanofananidzirwa kwaJesu Kristu. Vanhu vose vemuTestamende Yakare vakafanofananidzira muchinjikwa. Mosesi, akaberekwa ari mwana kwaye, akavigwa mutsanga, akabviswa pavabereki vake, zvimwe zvakadaro, uye aive...Aiva mambo, kana mu—mutungamiri, mupi wemurairo, murevereri, muprisita. Zvose zvaavaiva zvaifanofananidzira Kristu.

⁹⁰ Tarisai kuna Josefa, aidiwa nababa vake, akavengwa nemadzikoma ake, uye akatengeswa kweangada kuita masirivheri makumi matatu. Akakandirwa mugomba, achifungidzirwa kuti afa; akabuditswa. Mukutambudzwa kwake, mugadziri wehwaini akaponeswa, nemutengeswi wenyama akarasika; mbavha mbiri pamuchinjikwa. Uyezve paakabuda, akasimuka achibva mugomba iroro, zvino akagadzwa kuruoko rwerudyi rwaFarao, hupfumi hukurusa...nyi—nyi—nyika yakakurira dzimwe nyika dzose. Uye hakuna munhu aigona kuuya kuna Farao kunze kwekunge vauya nekuna Josefa; Jesu akagara kuruoko rwerudyi rwaMwari, uye hakuna munhu anogona kuuya kuna Mwari kunze kwekuuya kuburikidza nekuna Kristu. Zvino Josefa paaisiya chigaro ichocho otanga kubuda, varume vaienda mberi kwake, vachidanidzira nekuridza hwamanda, vachiridza hwamanda, vachiti, “Pfugamai! Josefa ari kuuya.”

91 Uye Jesu paanouya, hwamanda icharira, uye ibvi rose richapfugama, uye rurimi rwose rwuchapupura. Hongu, changamire. Hapo paAive.

92 Zvino Josefa paakafa, akasiya rangaridzo kwavari avo vaive vakamirira rudzikinuro.

93 Ndakaisa ruoko rwangu pabhokisi rakare, pano kasiri kare, rakanga rakagadzirwa nemutobvu. Uye mutumbi wake waifanira kugara . . . mapfupa ake . . . Akati, “Musandivige kuno, nekuti rimwe zuva, Mwari vachakushanyirai.” Aiva muporofita. “Mwari vachakushanyirai.” Uye akati, “Pamunoenda kumusoro kunyika yechipikirwa, torai mapfupa angu.”

94 MuHebheru wakare wese, aine musana wakarohwa uine ropa, aigona kutarisa mubhokisi iroro oti, “Rimwe zuva, tiri kuzobuda.”

95 Jesu akasiya rangaridzo, guva risina chinhu. Rimwe zuva patinoenda muguva, uye vadikanwi vedu, zvino vonzwa mavhinga evhu mashoma ekare, paya pavanoti, “Madota kumadota, uye guruva kuguruva, uye ivhu kuivhu.” Asi, hama, tinogona kutarisa mhiri kwegungwa, kune guva risina chinhu. Rimwe zuva, tiri kuzobuda muno. Tiri kuenda Kumusha. Ari kuuya. Zvese zvakafananidzirwa.

96 Tarisai Dhavhidhi, akarambwa nevanhu vake chaivo, akadzingwa pachigaro chehumambo nevanhu vake chaivo. Ari mambo weJerusarema, akadzingwa kubva muJerusarema nevanhu vake chaivo. Zvino paaikwidza Gomo reMiorivhi, akatarisa kumashure akachema. Akange arambwa.

97 Makore mazana masere kubva ipapo, Mwanakomana waDhavhidhi, Mambo weJerusarema, akagara pachikomo akachema, nekuti Aive arambwa.

98 Waive uri Mweya waKristu muna Dhavhidhi. Zvose zvakafanofananidzira muchinjikwa. Vaporofita ivavo kumashure ikoko vakataura muZita raKe. Vakararama muZita raKe. Vakaita muZita raKe. Chokwadi. “Mwari munguva dzakare nenzira zhinji vakataura kumadzibaba kubudikidza navaporofita, asi muzuva rino rekupedzisira nemuMwanakomana waVo.”

99 Saka vaporofita nevarume vemweya, zuva rino, vanongori kuratidzwa kwaKristu. Ipapo, nemurairo vakamira, tarisai. Neche kuno vanomira, vakatarisa kumashure neimwe nzira, kuburikidza nenyasha.

100 Kuti muna VaHebheru 11, chitsauko chekupedzisira, kazhinji ndaisanzwisisa kuti sei. Muchitsauko chekupedzisira, chikamu chekupedzisira chechitsauko 11 yeVaHebheru, paanotaura pamusoro paAbrahama. Chitsauko chikuru chekutenda, uye kumagumo, akati, “Vakaritaira vakapfeka matehwe emakwai nemalehwe embudzi, uye vakaitwa varombo,

uye vakachekwa-chekwa nemasaha. Vakaritaira, vasina kwekuenda, vakavengwa, uye nekuzvidzwa, nekutambudzwa. Avo, nyika ino haina kukodzera vanhu vakadaro.”

¹⁰¹ Zvino Pauro akabva amira ndokuti, “Asi vasina isu vanenge vasina kukwana.” Nekuti vakangotarisa *kumuchinjikwa*, zvino isu tinotarisa *kubudikidza* nemumuchinjikwa. Tine Mweya waKristu mushure mekunge Wava nyama yemunhu uye ukagara pakati pedu. Tinouya pano kuburikidza neMweya Mutsvene, hunova hurongwa huri nani nekure.

¹⁰² Uye dzimwe nguva handizivi kuti Chikristu chinotarisisirei nhasi. Muparidzi achipinda muguta anofanira kuva . . . kana kuti imwe chechi itsva kana rimwe basa, anozvidana pachake kuti muporofita, anofamba osvika ikoko, oti, “Zvakakanaka, kana vakandipa mari yakawanda zvakadai. Kana ndikakwanisa kuva nemotokari yakanakisisa. Kana vaka . . . Kana muhoro wangu ukawedzerwa mwedzi mitanhatu yoga-yoga.”

¹⁰³ Tinofanira kuva nezvakanakisisa. Tinofanira kuva nedzimba dzakanakisisa. Tinofanira kuva nenhumbi dzakanakisisa. Ko tichaita sei patinomira muhupo hwevarume avo vakaritaira, vakapfeka matehwe embudzi nematehwe emakwai, vasina nzvimbo yekuisa misoro yavo, vachiritaira nemumagwenga? Zvino mumwe munhu anogona kuita dambe nesu zvino tobva tagadzirira kusiya chechi uye torenga kudzokera zvachose. Zvinodiwa neChikristu nhasi. Tinofanira kuzvinyarira.

Oo Mwari, ivaiwo netsitsi kwatiri.

¹⁰⁴ Muzuva iroro, Vakataura kubudikidza nevaporofofito, asi muzuva rino kubudikidza neMwanakomana waVo. Raiva shoko remuporofofito, ikoko. Rino iShoko reMwanakomana, nhasi. Oo, Zita raShe ngarirumbidzwe!

¹⁰⁵ Nemamwe mashoko, kana wakatarisa mumvuri, negativhi, unogona kukanganisa. Asi Uyu wakagadzirwa, mufananidzo wacho unonyatsooneka zvakajeka. Izvozvo zvaive kuburikidza nemuporofofito; izvi zviri kuburikidza neMwanakomana waVo. Izvo zvaive kuburikidza nenegativhi; izvi zviri kuburikidza nechakakwana. Amen. Muri kuzviona here? Hapana mukana wekurasikirwa. Chinhu chakakwana, zuva rino kubudikidza neMwanakomana waVo. Oo, zvakanaka sei!

. . . uyo *waakaita mudyi wenhaka* . . . (Oo, ini zvangu!) . . . mudyi wenhaka *yezvinhu zvose*, . . .

¹⁰⁶ Chaiva chii? Kwaiva kuitwa. Oo, teererai. Akaitwa, Kristu aiva, mudyi wenhaka yezvinhu zvose. Oo, dhiyabhore akazviziva izvozvo, kubva mubindu reEdheni, munoono, dhiyabhore paakanzwa Shoko iroro ikoko zuva iroro, mukutongwa kwevanhu ivavo. Akati, “Nekuti wakabva kuguruva, kuguruva uchadzokera; uye Mbeu yemudzimai ichakuvadza musoro wenyoka.” Mbeu yakavimbiswa.

107 Satani nguva dzose aitarisira Mbeu iyoyo. Abheri paakazvarwa, akati, “Hezvoka izvo, ndiyo mbeu yacho.” Zvino akauraya Abheri. Mwanakomana wake, Kaini, akauraya Abheri. Zvino Abheri achingofa, akati, “Ndaiwana mbeu yacho.” Akaiuraya. Akati, “Ndaiwana.” Asi, rufu rwaAbheri, kuberekwa kwaSeti kwaive rumuko zvakare. Tarisai kuuya kwavakaita vachidzika.

108 Dzinza raSeti, rakadzika, murume akaninipa, akarurama; zvichienda zvichidzika kuburikidza nemuna Enoki; zvichienda zvichidzika kuna Noa, kusvika kumagumo enyika yakaparadzwa nemvura.

109 Tarisai dzinza raKaini, vakava vanhu vakachenjera, vakadzidza, sainzi. Ko Bhaibheri hariti here . . . Ko Jesu haana here kutaura, kuti, “Vana venyika ino vakachenjera kupfuura Vana veHumambo”? Tarisai kudivi raKaini kunyangwe nhasi: vakachenjera, vakadzidza, vatsoropodzi, vanamati chaivo; munoono, vanonamata chaizvo, asi vari vesainzi, vavaki, varume vakuru.

110 Tora varume vakuru. Tarisai Thomas Edison, varume vakuru vazhinji. Tarisai Einstein, vanamuzvina njere dzenyika, pakutaurwa kwazvo, nhasi, vanamuzvina njere dzenyika. Asi hatiedzi kushandisa njere. Tinorega Pfungwa yaiva muna Kristu kuti ive matiri, zvino totarisa kuShoko iri, uye tozvidana kuti ndizvozvwo.

111 Vana chiremba vokurapa, kunyangwe tichivaremekedza nechero zvatiinazvo, asi vazhinji vavo vapokani, vasingatendi. Tarisai vanhu vakachenjera vakatesva njere nhasi uno. Vari kune divi riri uko, divi raKaini.

112 Asi tarisai kune vakandinipa uye vanyoro. Hero rumuko rwako zvakare. Oo, Zita raShe ngarikudzwe! Hezvoka izvo. Cherechedzai.

. . . vakamuita *mudyi wenhaka yezvinhu zvose*,
kuburikidza *naye* zvakare vakagadzira *nyika*;

Ndiani akagadzira nyika? Kristu. “Kristu akagadzira nyika?” Hongu, changamire. Ngatimboendai kumberi zvishoma.

Uyo ari *chadzera chokubwinya kwake*,
nomufananidzo wake wehupo hwake, . . .

Kupenya kwekubwinya kwaAni? Kubwinya kwaMwari. Mufananidzo chaiwo weHupo hwaAni? HwaMwari. Oo, ndinozvida izvi!

. . . kana *nemufananidzo* chaiwo wehunhu hwake, uye
achitsigira *zvinhu zvose neshoko* . . .

Hezvoka izvo. IShoko, rinotsigira zvinhu zvose. Jesu akati, muna Mateo 24, “Matenga nenyika zvichapfuura, asi Mashoko Angu haatongopfuuri.” Vanotsigira zvinhu zvose.

113 Sainzi inoedza kuRidzikisira pasi, uye yoti, “IBhuku rakare. Rakaturikirwa.”

114 Kunyangwe chechi yeRoma Katorike, Mubhishopi Sheen akati, “Rakaturikirwa kana kana kashanu nguva dzakasiyana, uye hapana zvakananyanya paRiri. Hawaikwanisa kurarama naRo kana waifanira kudaro.” Asi Anotsigira zvinhu zvese neShoko raKe. Amen. Ndizvo zvandinofunga pamusoro paRo. Ndinotenda Bhaibheri.

*. . . neshoko resimba rake, (mune simba muShoko),
wakati akanatsa zviwi zvedu iye pachake, . . . (tarisai
apa) . . . akagara pasi kuruwoko rwerudyi rwoUmambo
kudenga;*

115 Pauro ari kuedza kuitei? Ari kuedza kuratidza kuti Mwari vakatemera zvinhu zvese muna Kristu, uye Kristu aiva mufananidzo chaiwo waMwari. Chimwe chikamu chese chasara chechitsauko chinotaura zvokuti Aiva pamusoro peNgirozi, pamusoro pemasimba ose. Ngirozi dzakaMunamata. Pauro aiedza kuMusimudzira.

116 Zvino, ndinoda kuedza . . . Kana ndikasapfuurira mberi pane izvi, zvimwe zvese zvasara zviru kungosimudzira Kristu. Izvo Pauro zvaari kutaura neche pano apa, semuchitsauko 11, nezvose zvekutaura pamusoro penyika. Akati, “INGirozi ipi—ipi yaVakati, ‘Uri Mwanakomana waNgu, nhasi uno Ndakubereka Iwe?’” Maona?

117 “Kumagumo enyika, vachaparara. Nyika ichaparara. Asi . . . Uye nezvinhu zvose zvenyika zvichaparara. Anozovipeta senguwo. Zvinenge zvakwegura, uye zivotendeutsa, zvoenda. ‘Asi Unogara. Unogara nekusingaperi. Uri Mwanakomana waNgu. Nhasi NdaKubereka, uye haumbofa wakaparara, wakagara kuruoko rwerudyi rweHumambo.’”

Kuti *ruoko rwerudyi* zvinorevei? Kwete kuti, Mwari vane ruoko rwerudyi rwune mumwe munhu akagara parwuri. *Ruoko rwerudyi* rwunoreva “simba nehutongi,” ane hutongi hwezvinhu zvose Kudenga nepanyika. Uye zvose Matenga nenyika zvakasikwa naYe.

118 Zvino, Ndiani Muchinda mukuru uyu, Muchinda mukuru uyu, Kristu? Pano, Mwari muna Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, hausi . . . Hutatu, asi haUsi hutatu hwevanhu. Hutatu wehofisi, yaMwari mumwe.

119 Vakange vari Baba vachitungamirira vana veIsraeri. Ndiyo yaiva hofisi yaVo, Jehovha Baba vakuru. Zvino Vakagara panyika, vachidanwa kunzi Mwanakomana. Uye zvino Vanogara muChechi yaVo, inonzi Mweya Mutsvene. Kwete vanaMwari vatatu; Mwari mumwe chete mumahofisi matatu: Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.

Vanhu vanoedza kuVaita vanaMwari vatatu vakasiyana, Mwari Baba. Ndicho chikonzero, maJudha, haufi wakakwanisa, haufi wakakwanisa kuunza izvi kumuJudha, kwete, izvozvo ikoko. HaVakwanisi. Vane murairo, wekuti, “Ndiri Mwari Mumwe chete.” Pana Mwari mumwe chete bedzi.

¹²⁰ KuAfrica vanobhabhatidza nenzira nhatu dzakasiyana: vanobhabhatidza kamwe kaBaba, nekamwe keMwanakomana, uye nekamwe keMweya Mutsvene. VeApostolic Faith mission, vanobhabhatidza katatu, wakatarisa kumberi, kurufu rwaKe. Vavanodana kuti veVhangeri Rakazara kuMhenderekedzo dzekuMadokero, kana kuti Mhenderekedzo dzekuMabvazuva, vanobhabhatidza katatu nenhendashure, akati Iye... pakuvigwa kwaKe.

Zvino akati, “PaAkafa, Akadonhera kumberi.”

¹²¹ Mumwe akati, “Mirai. Muri kufanira kuviga munhu arere nemusana wake.” Zvinongori nzira diki dzakare dzekuita nadzo zvinhu, apo, vose vaviri vari kukanganisa; vose vaviri vari kukanganisa, maererano neGwaro.

Rino ndiro Urimi neTumimi. Rinozvigadzirisa.

¹²² Zvino, pano, ngatimbofananidzei uye tione kuti zvinotaridzika sei—sei, manheru ano. Hezvinoi pazviri, kana muchida kuzviona. Mune ose angaita makore makumi maviri nemashanu andava mushumiri, ndakazvinzvera izvozvo. Uye kazhinji ndaiwanzonetseka pamusoro pezvipo zviri muchechi. Kuti zvipo izvozvo chii? Chiporofita, kutaura nendimi, kududzirwa kwendimi, chizaruro chaMwari, zvimwe zvakadaro, zvose izvo zvinouya kuburikidza nemuna Kristu.

¹²³ Zvino tarisai. Kristu ndiye Musoro wezvinhu zvose. Uye ndiYe Musoro weChechi. Uye wakamboona here dhaimani guru? Dhaimani guru kwazvo rakachekwa nemazvo, rine tuzvimeu tuduku twakavezwa kubva pariri, twakatekenurwa kubva pariri. Izvozvo zvinogadzira dhaimani chairo. Zvimeu ndezvei? Dhaimani remazvirokwazvo, nzira yarinobuda naro, rinenge rakakuvadzwa; dhaimani remazvirokwazvo, parinowanikwa.

Ndaive kuKimberley. Imi, vazhinji venyu, makanzwa kuti unogona kunhonga madhaimani mumugwagwa, ndizvozvo chaizvo. Billy neni, naVaBosworth. Mutungamiriri wemigodhi yemadhaimani kuKimberley, akatora...Aiva muasha wangu mumusangano ikoko. Zvino vakatitora ikoko. Uye kungori kunze...Vanoachera angaita, oo, angaita mafiti chiuru chimwe nemazana manomwe pasi penyika. Anobuda ari, dombo rebhuruu, rebhuruu rakakura, sedombo rebhuruu ramuinaro kuno. Zvino vatemala ivavo, vanovaisa mafiti chiuru chimwe nemazana manomwe muvhu, kuti vaachere, kuti varambe vakaisa mutengo pamusoro. Ukaenda kurwizi ikoko, vakakuchengetedza kwemazana emamaera. Ukatora migomo miviri mumwe uri magarani gumi, akati, zvino wousimudza,

wakazara ne—nejecha, uye kana wagona ukaenda kumba nawo, waizove nemamiriyoni akawanda, munenge muine madhaimani akawanda kwazvo mauri. Asi vanofanira kushanda uye nekuachera, kuti vachengete mutengo wakakwira paari.

¹²⁴ Zvino, dhaimani, parinobuda, rinongori chimedu chegirazi, chakakura, chinotsvedzerera, chakaita, sedenderedzwa. Kune dhaimani rebhuruu, dhaimani dema, simaragidhino, nedhaimani rakajeka, dhaimani jena. Asi parinobuda... Zvino kana richinge ragadzirwa raiswa kuti rishandiswe, pane chikamu chedhaimani iroro charinofanira kurasikirwa nacho. Uye rinofanira kurasikirwa nezvi—zvimeu kubva pariri. Vanotekenura zvimeu zvidiki, nekuti, parinouya muchiedza chakananga, saizvozo, rinovaima-vaima. Chimedu, chinogadzira kuvaima, nenzira yachakachekwa nayo. Rinochekwa, rinotekenurwa, uye ipapo, kana radaro, rinovaima-vaima. Zvino chimwe chinova chiedza chegirinhi, chimwe chinova chiedza chebhuruu, uye zvichida chimwewo, chiedza chesimaragidhino, nechiedza chitsvuku. Uye zviedza zvakasiyana-siyana zvinobva pariri, seruvara rwemuraraungu. Vanouti, “moto uri mudhaimani.”

¹²⁵ Zvino, chimwe nechimwe chezviedza izvozo chinomiririra zvipo. Asi zviri, bedzi, Kristu ndiye Dhaimani. Uye Ndiye Uyo Akauya, uye akakuvadzwa, akaiswa maronda, uye nekutekenurwa, kuti Agozviratidza pachaKe zvakare seChiedza kunyika. Ndiye Dhaimani riya Guru racho.

¹²⁶ Unogona kufungidzira here, pasati patombova nenyika, pasati pava nechiedza, pasati pava nenyeredzi, pasati pava nechinhu hacho? Pane Tsime Guru riri kuenderera mberi, reMweya, uye kubva paTsime iri makabuda rudo rwakanyanyisa kuchena, nekuti paiva pasina chimwe chinhu chokuti rwuzobuda machiri kunze kwerudo. Zvino, isu, rwatinoti rudo, nhasi, rudo rwakatsveyamiswa. Asi sezvatinongwana hunhu hwacho, kana rudo irworwo rwushoma-shoma matiri, zvinoshandura maonero edu ose.

¹²⁷ Zvino kubva imomo ndokubuda imwe hova, kubva paTsime guru iri, Dhaimani, zvino yainzi kururama, kururama kwemazvirokwazvo. Zvino, ndicho chikonzero taifanira kuva nemurairo. Ndicho chikonzero murairo uchifanira kuva nemutongo. Kana pakasava nekutongwa kunotevera murairo, murairo haubatsiri zvachose. Uye mutongo pawakaiswa nemurairo, unounza rufu, uye hapana munhu aigona kubhadhara murango wacho kunze kwaMwari pachaVo. Zvino Akabhadhara murango werufu rwedu, ndokutora zvivi zvedu paAri, kuti tigova kururama kwaMwari kuburikidza naYe.

¹²⁸ Zvino, Zviedza zvikuru izvi pazvakabuda, kana kuti mirazvo mikuru yeMweya: rudo, rugare, ndizvo zvoga zvaivepo, Izvozo. Paive pasina kutambudzika. Paive pasina—pasina ruvengo, kana

pasina pfini-pfini; zvaisagona kubuda zvichibva muTsime iri. Akanga ari Jehovha. Akanga ari Jehovha Mwari. Uye zvino, sekudaizwa kwaunoiwa nevadzidzi vebhaibheri, tiyofani yakabuda kubva Ipapo, yainzi, paMagwaro, “Rogosi,” Rogosi yakabuda kubva muna Mwari. Zvakaoma kutsanangura, asi Yaiva chikamu chaMwari.

¹²⁹ Zvino, hezvinoi zvakaitika. Oo! Ruregerero. Ndi—ndi—ndikangosvika pane izvi, izvi zvinongondisvitsa pachochaipopandinovida. Maona? Rogosi, uye Tsime guru iri, Tsime guru iri reMweya rakanga risina mavambo kana magumo; Mweya mukuru uyu wakatanga kuumbika, mukusikwa, uye Rogosi yakabuda kubva maUri yaiva Mwanakomana waMwari. Yaiva chimiro choga chinooneka icho Mweya waive nacho. Zvino Waiva tiyofani, zvinoreva mutumbi, uye mutumbi wakanga wakaita semunhu.

¹³⁰ Mosesi akaUona paWakapfuura nemune . . . ne—nepadombo. Zvino akaUtarisa, akati, “Waitaridzika semusana wemunhu.”

Ndiyo mhando imwe chete yemutumbi watinogamuchira patinofa pano. “Kana tabhanakeri ino yepanyika yanyungudika, tine imwe yagara yakatimirira.” Waiva uri iWoyo. Uye waive tiyofani yaiva Mwanakomana waMwari. Mwanakomana iyeye, Rogosi iyoyo, yakava nyama, nekuti takaiswa munyama. Zvino tiyofani, Rogosi, yakava nyama, pano pakati pedu, uye Yakanga isiri chimwe chinhu kunze kwenzvimbo yehugaro, nokuti Chitubu chose ichocho chaigara maAri. Oo, muri kuzviona here? HeChoka icho. Ndicho chaiva Chacho, icho, mune . . .

¹³¹ Tarisai pano. Ngativhurei zvino nekukurumidza chaiko kuna VaHebheru, chitsauko 7, kwechinguvana che—chenyasha, Mwari vachitendera. Ngationei kuti zvinotaridzika sei pano. Abrahama!

Tichine nguva yakawanda zvakadini? Tine maminitisi gumi. Zvakanaka. Tinotora izvi, tozozvipedzisa panotevera, panotevera, kana Svondo, Ishe vachitendera.

¹³² Abrahama aidzoka achibva kunouraya mambo.

Nokuti Merkizedheki uyu, mambo weSaremi, . . .

Vangani vanoziwa kuti ndekupi, ndiani, Saremi yaiva chii? Jerusarema.

. . . mambo weSaremi, muprisita waMwari wokumusoro-soro, wakangana naAbrahama achidzoka kubva kunouraya madzimambo, uye akamuropafadza;

Teerera.

Abrahama akamupawo chegumi chazvose; pakutanga zviri zvichidudzirwa Mambo wokururama, . . . mushure mazvowo Mambo weSaremi, anova, Mambo worugare;

Asina baba, asina mai, asina madzitateguru, asina kutanga kwamazuva, kana kuguma kwohupenyu; . . .

133 Mambo akadzika zasi kubva kuSaremi, ndokusangana naAbrahama achibva kunouraya madzimambo. Zvino Mambo uyu akanga asina baba, asina amai, asina mavambo emazuva kana magumo ehupenyu. Ko Abrahama akasangana naAni? Zvino fungai. Akange asina baba; Akange asina amai. HaAna kumbova nenguva yaAkavamba, uye haAna kana nenguva yaAchaguma, saka Mambo mumwe chete iyeye weSaremi anofanira kunge ari kurarama nhasi. Ameni. Muri kuzviona here? Yaiva tiyofani iya yaiva uya Mwanakomana waMwari. Saremi ipi? Jerusarema iyoyo iri Kumusoro, iyo Abrahama, aropafadzwa, aitsvaga, kutsvaga, achiedza kutsvaga Guta iro Mwari vaiva Muvaki neMuvambi waro. Akaritaira akapfeka matehwe emakwai nematehwe embudzi, kwese-kwese, ari murombo, achiritaira, uye achitsvaga Guta iro Mwari vaiva Muvaki neMuvambi waro. Zvino akasangana naMambo weSaremi iyoyo, achidzika zasi, uye akaMubhadhara chegumi chezvose zvakapambwa. Ameni. Ndiye Wacho. Oo, Hama Graham, aiva iYe. Aiva iYe.

Abrahama akaMuona zvakare. Rimwe zuva aiva akagara mutende. Akatarisa, kwaiuya kumusoro ikoko, zvino akaona varume vata tu vachiuya.

134 Munoziva, pane chimwe chinhu pamusoro peMukristu, chekuti anoziva Mweya paanouOna. Paano . . . Anongozviziva. Panongori nechimwe chinhu cheMweya pazviri. Zvinhu zveMweya zvinonzverwa neMweya. Munoziva. Hongu, anogona kungozviziva, kana akanyatsa kuberekwa. “Makwai aNgu anoziva Izwi raNgu.”

135 Uye akangoziva kuti paive nechimwe chinhu. Akamhanyira kunze uye akati, “Pindai, Ishe wangu. Garai pasi. Mirai zvishomanani. Ndichatora chimedu chechingwa ndochiisa muruoko rweNyu. Ndichageza tsoka dzeNyu. Zororai zveNyu, ipapo mozopfuurira nerwendo rweNyu, nekuti Ma—Mauya kuzondishanyira.” Kumusoro munyika iri gwenga, achitora nzira yakaomarara, nzira pamwe nevanozvidzwa vashoma vaShe.

Apo, Roti airarama muhupfumi, mwana wemunin’ina wake zasi ikoko, asi airarama muchivi. Ndizvo zvacho zvinoburitswa nehupfumi huzhinji ndicho chivi.

136 Saka Abrahama akavaunza, ipapo ndokutora mvura shoma ndokugeza tsoka dzaVo. Akamhanyira kunze kumhuru, ndokutora mhuru yakakora mudanga remombe, ndokuiuraya; akaipa kururanda, kuti aigadzire. Uye akati, “Sara, kanya hupfu hwako.”

Munoziva kuti kukanya, chii, zvakanoreva. Munoziva, amai vaisimbova nechakare, chakaita sechiweji, chavaiva nacho

mu—muchirongo chehupfu. Makamboona here chimwe chazvo chiine sefa? Zvino waiva neweji imomo, waiifambisa-fambisa muhupfu, munoziva; zvino hworema saizvozvo, woifambisa-fambisa, tingati. Ndakaona amai vachizviita, nguva zhinji, weji, vova nechinhu chedenderedzwa chidiki chine waya yesefa diki pachiri. Vaitora hupfu ihwohwo vohusefa *sekudai*, munoziva, zvino vochirova-rova, *sekudai*. Vobva vatora weji vokwerenga kwese, *sekudai*, kuhudzikisa hwose kuzasi. Zvino ndipo apo pataizofanira kudzika zasi tonogaisa hupfu hwedu kuchigayo chehupfu chakare; uye huyo huru dzakare, munoziva, dzinorema, zvaigadzira chingwa cheupfu chaicho. Waigona kuswera uchicheka miti zuva rese, nacho.

¹³⁷ Saka ipapo, akati, “Kanya hupfu, nekukurumidza chaiko. Uye ugadzire makeke ipapo pachoto, nekukurumidza.” Zvino vakakama mombe ndokuwana mukaka. Zvino vakautora, vakaukonzonga zvine simba, ndokuwana bhata. Uye zvakare vakaenda vakanouraya mhuru ndokuwana nyama, zvino vakakanga nyama yacho. Ndokutora mukaka une ruomba, chingwa chehupfu, uye vakatora bhata rekuisa pamakeke aive ari kupisa. Oo, izvozvo zvinonaka kwazvo. Zvino vakarizorera rose ipapo. Zvino akazvibuditsa kunze, ndokuzvigadzika pasi pane Varume vatatu ava.

¹³⁸ Zvino paVainge vari kudya, Vairamba vachitarisa kuSodhoma. Zvino mushure mechinguva, Vakasimuka vakatanga kufamba vachienda. Zvino Akati, “Abrahama...” Akati, “Hamusi kuzondivanzira.”

¹³⁹ “Handigone kukuvanzira zvandiri kuda kuita. Ndiri kudzika zasi uko. Zvivi zveSodhoma zvasvika munzeve dzaNgu.”

Ndiani aive Murume iyeye? Guruva rakazara panhumbi dzaKe, uye akagara ipapo achidya nyama yemhuru, nekunwa mukaka wemombe, nekudya makeke echingwa chehupfu, nebhata. Ndianiko Muchinda uyu asinganzwisike? Vaviri, kana vatatu vaVo, vagere ipapo. Guruva rakazara pahembe dzaKe. Oo, hongu, “Tinobva kuNyika iri kure.” Hongu, kure-kure. Uye saka Akati... Zvakana, Vaive vanaAni?

¹⁴⁰ Akati, “Handigoni kuvanzira Abrahama, ndichiona kuti ndiye mudyi wenhaka yenyika.” Amen. “Ndinozarura zvakavanzika zvaNgu,” nemamwe mashoko, “kune avo vanova vari vadyi venhaka yenyika.” Ndipo panofanira kuva pari ipo pane Chechi nhasi. Ndizvozvo chaizvo. Tora Zvakavanzika zvaMwari, woziva mazvibatiro, uye woita, uye nezvekuita, uye nemafambiro, nemararamiro. Tiri vadyi venhaka yenyika. Ndizvozvo. VanoZvizarurira kwauri, nekuti haVana chinhu chavanosiya. Ndosaka tiri kutarisa zvinhu izvi zvichiitika.

Nyika inoti, “Ah, iro iboka rekupengereka.” Varegei vazvitaure. Mudyi wenhaka yenyika anoziva zvinhu izvi. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

. . . *nokuti vachanzi vana vaMwari.*

Vakaropafadzwa avo vari vanyoro: nekuti vachagara nhaka yenyika.

Vanozivisa zvakavanzika zvaVo kwavari, vanozvizarura kwavari, vachivaratidza zvekuita pamwe nemararamiro, vachiramba zvinhu zvenyika; vachifamba zvine humwari nekurarama zvine humwari, munyika ino yanhasi, vachifamba pamwe naVo. Regai nyika itaure zvainoda.

141 Saka Akati, “Handigoni kuchengeta chakavanzika ichi kubva kuna Abrahamama, nekuti, ndinoona kuti ndiye mudyi wenhaka yenyika. Asi,” Akati, “Ndiri kudzika zasi kunoparadza Sodhoma. Ndiri kudzika zasi.”

142 “Muchanoiteiko, Changamire? Munobva kupi? Ndezveiko zvese izvi?”

143 Akazoziva, Akati, “Uye chimwe chinhu, Abrahamama, wakamirira kwemakore makumi mashanu vimbiso iyi yaNdakakupa. Wakatowana manapukeni ose, zvi—zvipeneti nezvinhu zvese, kuitira mwana uyu, makore makumi maviri nemashanu apfuura. Wanga uchakamirira paNdiri. Zvino ndiri kuzokushanyira, pangave sepanguva yehupenyu, maererano, nenguva yehupenyu, mwedzi uri kutevera Ndichange ndinewe.”

144 Zvino Sara, seri mutende. Zvino Murume uyu akange aine musana waKe wakafuratira tende, achitaura naAbrahamama, sezivi. Zvino Sara akati, “Haa!”

145 Akati, “Chii chaita kuti Sara aseke?” Ho-ho-ho! Munoti kudini nazvo? Kwaiva kuverenga pfungwa chaiko, hakusi here? “Chii chaita kuti Sara aseke?”

Sara akati, “Kwete. Handina kumboseka ini.”

146 Akati, “Oo, hongu, wadaro.” Akanga otya. Aive achidedera. Aiva Ani, aigona kuziva zvaaiita seri mutende? Ndivo Mwari Vaya vamwe chete vanesu nhasi uno. Vamwe chete Vacho. Vanoziva zvose pamusoro pazvo. Maona? Vanongozvizarura sekushuvira kwaunako. Maona?

147 “Uri kusekei?” Munoono, musana waKe wakafuratira kwariri. Bhaibheri rakazvitauro, kuti, “musana waKe waive wakafuratira tende.” Asi, Aizviziva. “Ko iye, kumashure uko, ari kuitirei izvi?” Munoono? Saka, Akati, “Ndichakushanyira.”

148 Ndianiko Muchinda uyu asinganzwisike? Munoziva zvakaitika? Akafamba achibuda kunze uko chaiko ndokubva anyangadika. Zvino Bhaibheri rakataura kuti Aiva Mwari Samasimba, Jehovha, Chitubu chiya chikuru, Tiyofani iya, Rogosi iya.

149 Mumwe muparidzi akati kwandiri, imwe nguva yapfuura, akati, “Hama Branham, hamungafungi chaizvo kuti aiva Mwari, mungadaro here?”

150 Ndakati, “Bhaibheri rakati Aiva Mwari, Erohimu.” Izvo, Aive Mwari Samasimba, El Shaddai, ndizvozvo, Mupi weSimba, Mugutsi. Amen.

151 Oo, ndinonzwa manyukunyuku ekunamata! Pafungei. Heuno, Ari. Zvino ndiri kuzokuratidzai kuti Iye ndiAni pano, saka muchazoono kuti Mwanakomana ndiAni. Aiva Jesu, asati Ava neZita remunhu, “Jesu.”

152 Akamira ipapo patsime zuva iroro. Uye vese vainwa, munoziva, uye, “Vaiva nemvura dzaiva murenje,” nezvinhu zvakadaro. Akati. . . Vakanga vari kudya mana nezvinhu. Vakati, “Madzibaba edu akadya mana murenje, kwemakore makumi mana.”

153 Akati, “Zvino ivo, vese, vakafa.” Akati, “Ndini Chingwa cheHupenyu chinobva kuna Mwari, chichibva Kudenga. Uyo anodya Chingwa ichi haazombofi.”

154 Akati, “Zvakanaka, madzibaba edu akanwa kubva paMweya, kubva paDombo remweya raiva murenje, raivatevera.”

155 Akati, “Ndini Dombo racho.” Kubwinya! Mutsvene Johani, chitsauko 6.

“Sei,” vakadaro, “chirudzii?”

“Hongu. Ndizvozvo.”

156 “Handiti,” akati, “Uri. . .Hauna kana makore makumi mashanu ekuberekwa.” Ndizvo, basa raKe rakaMuita kuti ataridzike seati chemberei zvishoma, asi Aingova nemakumi matatu. Akati, “Uri murume asati adarika makore makumi mashanu ekuberekwa, uye iwe unoti wakaona Abrahama, uyo anga akafa kwemakore mazana masere kana mapfumbamwe? Tave kuziva zvino kuti uri dhiyabhore.”

157 Akati, “Abrahama asati avepo, NDIRI.” Heunoi Uyo. Ndiani aive NDIRI? Zita rekusingaperi remuzvizvarwa zvose. Yaiva. . .Shongwe yeMoto iyoyo mugwenzi raipfuta, “NDIRI WANDIRI.” Hapo paAiva, Tiyofani iya yaAkagadzira pano, inonzi Mwanakomana waMwari, NDIRI, Jehovha.

158 Tomasi akati, “Ishe, tiratidzei Baba uye zvichatiringana.”

159 Akati, “Ndanga ndiinemi kwenguva refu kwazvo, hauNdizive?” Akati, “PaunoNdiona, unoona Baba. Ko sei uchiti, “Tiratidzei, Imi, Baba”? Ini naBaba tiri Mumwe. Baba vaNgu vanogara maNdiri. Ndinongori tabhanakeri inonzi Mwanakomana. Baba vanogara maNdiri. HaNdini ndinoita mabasa, ndiBaba vaNgu vanogara maNdiri. Vanoita mabasa, kwete Ini.”

160 Zvino, akamira kumashure uko, zvakare, Mosesi akaMuona, neche kumashure kwaKe, akati, “Waiita semusana wemunhu,” Rogosi yakabva kuna Mwari.

161 Zvino chii chakazoitika? Uyu aiva Mwari. Zvino chikonzero Akabva pakuva Rogosi kuva nyama...Chii...? Ko iwe uno...? Chii chakaitika kuna izvozvo? Maminitsi mashanu zvisati zvaitika, Aiva ari...Aiva ari Rogosi. Asi Akaitei? Akangosveverera...

162 Zvino, mitumbi yedu yakagadzirwa nezvinhu gumi nezvitanhatu zvenyika. Tinozviziva izvozvo. Yakagadzirwa nepotashi, ne-ne-necalcium shoma, ne-nepetroleum, nechiedza chemuchadenga, nemaatomu, nezvimwe zvakadaro. Zvose zvakaunganidzwa pamwe chete, zvinogadzira mutumbi uyu, unobva muguruva renyika. Unodya chikafu. Paunodya chikafu, chinoshanduka kuva...kubva muvhu, uye chinobva muvhu, Uye chinongo-ngopfuurira mberi. Nyama yako, kana zviru zvenyama yako, haina kusiyana neyebhiza, kana yemombe, kana yechimwe chinhuwo. Ichingori nyama.

163 Zvino, vakomana, unorumbidza nyama; asi mweya iwoyo une munhu wemukati imomo, hama yangu. Ndizvozvo chaizvo. Asi nyama yako inongova guruva renyika, semhuka. Nyama yako haina musiyano neyemhuka. Zvino kana ukachiva zvenyama uye nechinhu chaunoona, kuchiva vakadzi, kuchiva zvinhu zvese izvi zvakasiyana-siyana, ichiri mhuka. Ndizvozvo chaizvo. Ndizvozvo chaizvo. Haufaniri kuzviita. Mweya waMwari uchakutungamirira mberi uye wokuisa panzvimbo iri pamusoro kupfuura iyoyo. Ndizvozvo chaizvo.

164 Zvino, uye pano, Tiyo fani huru iyi yakamira ipapo. Chii... Vaya Jehovha Mwari vakuru, munoziva zvaVakataura? Vakanganavira ndokunokora chanza chakazara nemaatomu, ndokutora chiedza chishoma, ndokuchidururira mukati, seizvi, vakati, “Whew,” mutumbi, ndokubva vangopinda mauri chaimo. Ndizvo zvoga.

165 Vakati, “Huya pano, Gabrieri,” Mutumwa mukuru uya. Vakati, “Whew.” “Pinda mune uyo.”

166 “Huya pano, Mikaeri,” Mutumwa ari padivi raKe rekurudyi. “Whew.” Kuitira... “Iwe pinda mune uyo.”

167 Mwari, neVatumwa vaviri, vakafamba pasi pano vari munyama yemunhu, ndokunwa mukaka wemombe, vakadya bhata rakabva mumukaka, uye vakadya chingwa chehupfu, nekudya nyama yemhuru. Vatumwa vaviri naMwari. Bhaibheri rakadaro. NdiMerkizedheki, akasangana naAbrahama, achibva kunouraya madzimambo. Ndiye Mwanakomana waMwari.

168 Endai mberi, muno muna VaHebheru, vechi 7, yakati, “Asi akagadzirwa ari mumufananidzo seweMwanakomana waMwari.” Heunoi Uyo. Vakaita zvinhu zvose kuburikidza naYe. Zvino Akanyatsofamba kunze uko chaiko, ndokungoshandura guruva iroto kudzokera kuguruva zvakare, zvino ndokupinda achidzokera muKubwinya chaimo.

169 Zvino Vatumwa, Vachangobva kudzikinura Roti naMai Roti, zvino ivo vakaramba vachitarisa kumashure. Akati, akavaudza kuti vasazviita zvakare. Zvino vakadzokera vachipinda chaimo mu—muHupo hwaMwari.

170 Zvino, itariro huru yakadini yatiinayo muKutenda kukuru uku kwatinoshumira manheru ano! Mwari vapenyu, Jehovha, Shongwe yeMoto, vanesu. Vanozviratidza pachaVo musimba, nemukuita, uye nekusimudzira...Vakavatendera kutora Mufananidzo waVo, Jehovha vamwe chete. Mwanakomana waMwari akabva kuna Mwari, akadzokera kuna Mwari, uye anogara muChechi yaKe nekusingaperi. Heunoi Uyo.

171 Ane mazita edu muBhuku raKe, nemhiko yakapikwa naiye Omene, nekuti hakuna mumwe mukuru waAngapike naye, kuti Achatimutsa nezuva rekupedzisira. “Uyo anodya Nyama yaNgu, nekunwa Ropa raNgu, ane Hupenyu husingaperi, uye Ndichamumutsa nezuva rekupedzisira. Uyo anouya kwaNdiri, Handimudzingire kunze zvachose. Uyo anonzwa Shoko raNgu, nekutenda kune Uyo akaNdituma, ane Hupenyu husingaperi, uye haambopindi mukupomerwa, asi akapfuura kubva kurufu kuenda kuHupenyu.”

172 Mumwe chete Iyeye aingogona kungosvikira neruwoko otona chanza chakazara necalcium nepotashi, oti, “Whew,” zvino hezvoka izvo zvakare. Zvino zita rangu riri muBhuku raKe. Ho-ho! Ho-ho-ho-ho! Ko ndinoita hany’n’a yei kuti mapendekete angu ave kukombama zvadini, ndichachembera zvakadini? Kwete zvachose. Hapana kana nekakunetseka zvako.

173 Hama Mike, rimwe ramazuva ano, moyo wenyu uropafadzwe, hama, kana hwamanda huru iya paichauya, ruzha rwacho, zvino Josefa uya achabuda. Hareruya! Ahati, “Vana!” “Whew.” Ikoko tichave, takagadzirwa mumufananidzo waKe; tave vechidiki nekusingaperi, kuchembera kwapfuura; hurwere, matambudziko, kusuwa zvanyangadika. Mbiri kuna Mwari mupenyu!

174 Ndiye Uyo waVanotaura kubudikidza naye, nhasi, Mwanakomana waVo. “Munguva dzakare nenzira zhinji Vakataura kubudikidza nemuporofita, asi muzuva rino rekupedzisira kuburikidza neMwanakomana waVo, Kristu Jesu.” Vanotaura kumoyo wemunhu wese waVakadana. Kana wakambonzwa Izwi raVo kana kuVanzwa vachigogodza pamoyo wako, ndapota usaRiramba.

Ngatinamatei.

175 Baba veKudenga, manheru ano, apo tichifara kwazvo kuziva, pakuvhurwa kwetsamba ino yeVaHebheru, kuti Pauro akadzokera chaimo mumaVhangeri. Haana kungozvitora pane zvaakanzwa kana pane chimwe chitiko. Aida kuti tizive zvaive Chokwadi. Zvino akadzokera chaimo mumaVhangeri, uye iye...ndokudzokera muTestamende

Yakare, Vhangeri rakaparidzirwa kwavari. Uye akaona, kupfuura nemuTestamende Yakare ipapo, yose mimvuri nemifananidzo. Ndosaka tiine Bhuku guru iri reVaHebheru manheru ano. Uye tinoRiona, Ishe, uye tinoRida. Uye kupfuura nemumazera, Rakapiswa, Rakaparadzirwa, Rakaedzwa kuti ribviswe, asi Rinopfuurira mberi zvimwe chetezvo. Nekuti Makati, “Matenga neNyika zvichapfuura, asi Mashoko aNgu haapfuuri.”

¹⁷⁶ Zvino mutsoropodzi anoti, “Saka, wakati, ‘Pauro akanyora izvi.’” Kwete Pauro, asi Mwari vakanga vari muna Pauro; Munhu uya anosika aiva mukati maPauro.

¹⁷⁷ Seakanga ari muna Dhavhidhi, paakati, “Handingatosiyi Mutsvene waNgu kuti aone kuora, kana kuti Ndisiye mweya waKe mugehena.” Zvino Mwanakomana waMwari akatora Mashoko iwayo kubva kumuporofita iyeye, ndokunopinda chaipo pakadzika-dzika pegehena. Ndokuti, “Putsai tabhanakeri ino, zvino NdichaIsimudza mumazuva matatu.” Zvino Akazviita, nekuti Shoko raMwari harigoni kukundika; kadodzi kamwe chete hakagoni kukundika. Tinotenda Mwari sei nekuda kweino, Urimi neTumimi ino, nekuziva kuti zviitiko zvedu manheru ano, Ishe, zvinopenya chaipo paBhaibheri rino pano! Takaberekwa patsva, tine Mweya Mutsvene.

¹⁷⁸ Mwari vanodikanwa, kana paine murume kana mudzimai ari muno manheru ano, mukomana kana musikana, asina kumbobvira aona izvi, vangagona kuzomuka sei kana musina Hupenyu imomo? Oo, vanoti, “Ndine Hupenyu.”

¹⁷⁹ Asi Bhaibheri rakati, “Mudzimai anorarama mumafaro akafa apo ari mupenyu. Unoti une Hupenyu, asi wakafa. Unotaura kudaro,” Bhaibheri rakadaro, “kuti une Hupenyu, asi wakafa. Unoti wakapfuma uye haushaiwe chinhu; asi usingazive kuti wakasuwa, uye uri murombo, uye hauna kupfeka, uri bofu, uye usingazvizivi.” Zvino ndicho chinhanu chemachechi manheru ano, Ishe. Kuti vanopotsa zvinhu zvikuru izvi, zvakakosha.

Kuziva kuti Jehovha Mwari vakuru, Vanogona voga kugadzira ne... Vakati, “Ndiunzirei tuhove twudiki itwotwo.” Akatozotora hove kuti—kuti agadzir chimwe chinhu nayo. Kuratidza, kuti rumuko rwaifanira kuva chimwe chinhu, chine chekuita nechimwe chinhu. HaAna bedzi kugadzira hove, asi Akagadzira hove yakabikwa, nechingwa chakabikwa. Zvino Akapa zvokudya kuzviuru zvishanu tuhove tudiki tushanu... tumarofu tudiki nehove mbiri. Oo Ishe, zvaiva mumaoko aKe, uye Aiva Musiki. Asi Aitofanira kuva nechimwe chinhu muruoko rwaKe.

Mwari, ngatizviisei pachedu muRuoko rwaKe, manheru ano, uye toti, “O Mwari, nditoreiwo sezvandiri. Zvino kana magumo ehupenyu hwangu ava pano, ngandiende netariro iyi yaive

mandiri, kuziva kuti ndakabarwa patsva, uye Mweya weNyu wakapupurirana neni, nekupupurirana nemweya wangu, kuti ndiri mwanakomana weNyu, kana mwanasikana weNyu.” Uye nezuva iroro rekupedzisira, Muchavamutsa. Zviitei, Baba.

¹⁸⁰ Zvino takakotamisa misoro yedu, pangave here nemumwe chete angasimudza ruoko rwake, woti, “Ndirangarireiwo, Hama Branham, mumunamoto. Ndinoda kuti Mwari vandizive apo... ndisati ndabva panyika ino, kuti Vachandiziva zvakananyanya zvokuti Vachadana zita rangu. Ndichadaira.” Ishe vakuropafadze mwanakomana. Mwari vakuropafadze, newe; newe, mudzimai. Mumwe munhu zvakare? Chingosimudza ruoko rwako. Iti, “Ndinamatireiwo, Hama Branham.” Ndizvo zvatichaita. Mwari vakuropafadze, mudzimai wechidiki. Zvakanaka izvi.

¹⁸¹ Zvino, musoro wako wakakotamiswa, uchinamata, Ndichaimba ndima yerwiyo urwu.

Usachiva pfuma yenyika ino isina maturo,
Inokasika kuparara,
Vakira tariro yako pazvinhu zveKusingaperi,
Hazvizombopfuuri.

Bata paruwoko rwaMwari rwusingashanduki.
Bata paruwoko rwaMwari rwusingashanduki.
Vakira tariro yako pazvinhu zveKusingaperi,
Bata paruwoko rwaMwari rwusingashanduki.

¹⁸² Apo vachiridza zvino, uye nemusoro wako wakakotamiswa, ungasimudzawo ruoko rwako mudenga here, woti, “Hongu, Ishe, herinoi rwangu”? Rwuchazoitei? Rwucharatidza kuti mweya wako, uri mauri, waita sarudzo. “Ndinoda ruoko rweNyu, Ishe.” Mwari vakuropafadze, kasikana kadiki. “Ndichasimudza ruoko rwangu.” Mwari vakuropafadze, musikana mudiki, zasi kuno. Zvakanaka, mudiwa. Mwari, unoziva, vanofara kukuona uchiita izvozvo. “Regai vana vadiki vauye kwaNdiri.”

¹⁸³ “Ndinoda, Mwari, Imi mubate ruoko rwangu. Uye nezuva iroro, ndinoda kuva muruoko rweNyu; kuti, paMunodana, ndichauya.” Hongu, sezvaiva Razaro. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi.

Kana rwendo rwedu rwapera,
Kana kuna Mwari waiva wakatendeka,
Wakanaka uye wakajeka musha wako
muKubwinya,
Mweya wako wakabvutwa uchaona.

Uchaiteiko, zvino?

Bata paruwoko rwaMwari rwusingashanduki.
Bata paruwoko rwaMwari rwusingashanduki.
Vakira tariro yako pazvinhu zveKusingaperi,
Bata paruwoko rwaMwari rwusingashanduki.

184 Baba veKudenga, maoko akawanda asimuka mudenga, mumusangano uno mudiki, manheru ano, kuti vanoda kubata, manheru ano, paruoko rweNyu rwusingashanduke, ruoko rweKusingaperi. Kuziva kuti zvakakumikidzwa kwaMuri... Makati, "Ini...Vose vaNdakapihwa naBaba vachauya kwaNdiri, uye hapana kana mumwe wavo acharasika. Uye Ndichavamutsa nezuva rekupedzisira. Havambofi vakaparara, havambofi vakauya mukutongwa, asi vane Hupenyu Husingaperi, Husingaperi." Zvino pane Hupenyu Husingaperi humwe chete. Hunobva kuna Mwari, voga. NdiMwari. Uye tinobva tava chikamu chaMwari, zvekutoti tiri vanakomana nevanasikana vaMwari. Kana tiine Mweya waMwari matiri, tinofunga saMwari. Tinofunga nezvekururama nehutsvene, uye tinoedza kurarama zvokuVafadza.

185 Itai, Ishe, kuti mhando yeHupenyu ihwohwo upinde mumunhu wese asimudza ruoko rwavo. Neavo vanga vachifanira kunge vasimudza maoko avo, uye vasina, ndinonamata kuti Mugova navo. Zviitei, Baba. Uye kana rwendo rwaguma, hupenyu hwapera, dai tapinda murugare nezuva iroro, pamwe naYe, uko kwatisingazombochemberi, kwatisingazomborwari, kwatisingazombova nedambudziko. Kuzosvikira ipapo, tichengetei takazadzwa nemufaro uye tichifara, tichiMurumbidza, nekuti tinozvikumbira nemuZita raKe. Amen.

186 Mose imi vatendi, zvino, ngatingosimudzai maoko edu toimba korasi iya.

Bata paruoko rwaMwari rwusingashanduki.
 Bata paruoko rwaMwari rwusingashanduki.
 Vakira tariro yako pazvinhu zveKusingaperi,
 Bata paruoko rwaMwari rwusingashanduki.

Zvino ngatirwuimbei mahon'era. [Hama Branham vanotanga kuimba mahon'era *Bata Paruoko RwaMwari Rwusingashanduke*—Mupepeti]

187 Muri kuita izvozvo, ari padivi rako; iwe iti, "Mwari vakuropafadze, muvakidzani." Kwazisana maoko nemumwe munhu akagara parutivi rwako. "Mwari vakuropafadzei." Kumativi ose maviri zvino. Kumativi maviri, kwazisanai maoko. "Mwari vakuropafadze, muvakidzani. Mwari vave newe." Vakira tariro yako pazvinhu zveKusingaperi.

Doc, ndinoziva iriko, munin'ina. Ndinoziva kuti wakamboveko, Hama Neville, kare-kare.

Kana rwendo urwu rwapera,
 Zvichaitika, rimwe ramazuva ano.
 Kana kuna Mwari tanga takatendeka,
 Tichaona Hama Seward ikoko.

Unopenya uye uchipenya, musha wako uri
muKubwinya,
Mweya wako wakabvutwa uchaona.

Bata paruwoko rwaMwari rwusingashanduki.

Ndinofarira kunamata ikoko, mushure memharidzo.

Bata paruwoko rwaMwari rwusingashanduki.
Vakira tariro yako pazvinhu zveKudenga,
Bata paruwoko rwaMwari rwusingashanduki.

Nguva yakazadzwa neshanduko
inokurumidza,

Hapana chepanyika chisingazungunuki
chichamira,

Vakira tariro yako pazvinhu zveKusingaperi,
Bata . . .

Ngationei mufananidzo waKe, Uyo asingaoneki ari pakati
zvino, uye tongoMunamata zvino tichiimba.

Bata paruwoko rwaMwari rwusingashanduki.
Bata paruwoko rwaMwari rwusingashanduki.
Vakira tariro yako pazvinhu zveKusingaperi,
Bata paruwoko rwaMwari rwusingashanduki.

Rugare! Rugare! Rugare rwunoshamisa,

ChingoVanamata zvino.

Rwuchidzika pasi . . .

Mharidzo yapera. Kwave kunamata.

Pfuudzai nepamusoro pemweya wedu
nekusingaperi, ndapota,
Mumafashama erudo asina magumo.

Chingoshamba maVari.

Rugare! Rugare! Rugare rwunoshamisa,
Rwunodzika pasi kubva . . .

Tsime guru riya, Riri kuvhurika.

. . . kumusoro;
Pfuudzai nepamusoro pemweya wedu
nekusingaperi, ndapota,
Mumafashama erudo asina magumo.

Hazvingoitwo here chimwe chinhu?

Rugare rwunoshamisa,
Rwunodzika rwuchibva kuna Baba vedu
Kumusoro;

Pfuudzai nepamusoro nepemweya wedu
nekusingaperi, ndapota,
Mumafashama erudo asina magumo.

Hapana here chimwe chinhu kwaZviri, chakangopfuma uye
chichitapira?

¹⁸⁸ Handizivi kana paine munhu anorwara anoda kuzodzwa uye nekunamatirwa. Kana aripo, chingwana nzvimbo yako. Ndiye here mudzimai ari muhwiricheya apo? Chingomuregai agare. Ndichauya, ndomunamatira. Haazofaniri kusimuka achibva pachigaro. Mumwezve?

Oo, hamungodiwo here chikamu chino cheshumiro? Vangani vanonzwa, vanongoziva kuti Hupo hwaMwari huri pano? Ndizvo zvandinotaura nezvazvo. Chimwe chetecho... Unongonzwa sekunge... Vangani vanonzwa sekunge unogona kungodanidzira? Zvino ngatingoonei. Unongonzwa sokunge chimwe chinhu mauri chinoda kudandzira. Maona?

Rugare! Rugare! Rugare rwunoshamisa,
Rwunodzika kubva kuna Baba Kumusoro;
Pfuudzai nepamusoro pemweya wangu
nekusingaperi, ndapota,
Mumafashama erudo asina magumo.

Vhenekerai pandiri,

¹⁸⁹ Tiri mukunamata, tiri kuzozodza vanorwara zvino, uye tovanamatira. Hamungauyi here nekuno uku chaiko, mudzimai?

¹⁹⁰ Izvi zvinorevei? “Munamato wekutenda uchaponesa vanorwara.” Munhu wese mumunamato zvino, chingoimba mahon’era rwiyo irworwo. Funga pamusoro paJesu achipodza vanorwara.

Muzodzei nemafuta...?...



VAHEBHERU, CHITSAUKO CHOKUTANGA SHO57-0821
(Hebrews, Chapter One)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEBHUKU REVAHEBHERU

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chitatu manheru, Nyamavhuvhu 21, 1957, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org